



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTWIKSYON YO NAN
DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ EPI KI A PRI ABÒDAB YO KI KOUTE
31 MILYON DOLA NAN BUFFALO**

***Jefferson Avenue Apartments Ap Kontinye ak Revitalizasyon Koridò Komèsyal
Jefferson Avenue an Nan Bò Lès Buffalo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstwiksyon yo nan yon devlopman lojman sipò epi ki a pri abòdab ki koute 31 milyon dola sou Bò Lès Buffalo (Buffalo's East Side). Jefferson Avenue Apartments pral gen ladan 89 apatman ki a pri abòdab nan de batiman ki gen ken 16 kay ke yo mete apa pou moun ki gen andikap entelekyèl oswa devlopman yo. Etaj chose nan toulède batiman yo pral genyen yon espas komèsyal total ki mezire 16,500 pye kare. Pwojè a te sipòte pa Fon Better Buffalo a pou revitalize katye yo epi amelyore transpò.

“Konstwiksyon nouvo lojman sipò epi ki a pri abòdab yo fè pati entegral revitalizasyon vil nou yo epi nan bay kèk nan moun New York ki pi vilnerab yo yon kote pou yo rele lakay yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kreyasyon Jefferson Avenue Apartments lan ilistre pafètman investisman ke New York ap fè nan Bò Lès Buffalo, sa ki ap favorize aktivite ekonomik nan katye a epi ranfòse kalite global lavi a pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Nouvo devlopman lojman ki a pri abòdab sa a ap ajoute sou travay nou te fè pou amelyore Bò Lès Buffalo a atravè investisman estratejik”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Lojman ki a pri abòdab yo se yon konpozan esansyèl nan plan ke nou genyen yo pou kreye yon avni ki pi briyan pou Vil Buffalo. Jefferson Avenue Apartments pral konpleman pwojè tankou Sant Fòmasyon Northland lan (Northland Training Center) ak Fon Better Buffalo a pou ka fè vanse objektif devlopman ekonomik yo epi trase yon nouvo trajè pou abitan Bò Lès yo.”

Jefferson Avenue se yon branch prensipal ki lonje sou tout Bò Lès lan epi li tou pre divès kanpis inivèsite, Kanpis Medikal Buffalo a, Route 33 ak anba lavil Buffalo. Revitalizasyon Jefferson Avenue a antan ke yon koridò komèsyal ki gen lojman ki a pri abòdab yo se yon pwojè enfrastrikti priyorite pou Vil Buffalo.

Pwojè sa a konpleman lòt investisman yo ki te fèt pa New York pou ka revitalize pi plis Bò Lès Buffalo a. Konpayi Forge on Broadway ap redevlope espas ki vid depi lontan an nan konpayi Buffalo Forge Company. Devlopman ki gen kat faz la pral evantyèlman gen ladan prèske 250 kay sipò epi ki a pri abòdab pou moun ki solitè, fanmi ak granmoun aje yo, kay nan komin yo pou moun ki ap achte kay pou premye fwa yo, ak espas pou lavant an detay nan etaj chose a. Konstwiksyon nan premye faz la yo

deja ap vanse. Depi 2011, Eta New York te envesti plis pase 252 milyon dola nan Bò Lès Buffalo a apati estrateji ki fokis sou plan lokal yo.

Sitiye nan 1140 Jefferson Avenue, yo pral konstwi devlopman an sou de espas ki te vid anvan sa. Jefferson Avenue Apartments pral gen ladan 71 apatman ki gen yon sèl chanm a kouche ak 19 apatman ki gen de chanm a kouche nan de batiman ki gen twa etaj. Yo pral mete apa sèz apatman pou moun ki gen andikap entelekyèl oswa devlopmantral yo. People, Inc. pral bay sèvis sipò yo.

Amenajman yo ap gen ladan yo sal kominotè ki gen kwizin ak sal pou fè lesiv yo nan toulède batiman yo, balkon pou tout apatman yo, yon tèren pou jwe, ak espas ekolojik ekstèn adisyonèl. Komisyon Atistik Buffalo a (Arts Commission of Buffalo) pral bay enstalasyon atistik nan espas lib ki nan espas la yo.

Devlopman an desèvi pa twa liy bis epi li bò kote Masten Park, ki gen etablisman rekreatif yo ki gen pami yo tèren pou tenis, wout, yon tèren bezbòl, pisin ak tèren pou jwe yo. Devlopman an tou pre yon magazen alimantè ak ti sant acha.

Yo pral konstwi Jefferson Avenue Apartments konfòmeman a kritè Enterprise Green Communities yo ak Nouvo Pwogram Konstwiksyon Altitud Ba (Low Rise New Construction Program) NYSERDA a. Fonksyon ki ka konsome anpil enèji yo gen ladan yo founo gwo efikasite Energy Star yo ki limen ak gaz natirèl yo epi ki gen ekipman rafrechisman ak Ekspansyon Dirèk ak ekipman Chofaj Dlo Domestik ki efikas anpil yo, fonksyon plonbri a debi fèb epi ki gen etikèt WaterSense, ekleraj ak sansè Energy Star yo, teknik ayerasyon plafon ki avanse yo ak izolasyon ki gen pi wo nivo yo.

Finansman Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la ap bay pou Jefferson Avenue Apartments gen ladan 1.3 milyon dola ki anglobe kontra ki san enpo, Kredi Enpo Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) onivo eta ak federal yo, ak Kredi Enpo pou Sit Endistriyèl Dezafekte yo (Brownfield Tax Credits) ki pral jenere 14.6 milyon dola pou pwojè a, ak yon 9.3 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral yo nan Eta New York lan (New York State Office for People with Developmental Disabilities) te bay 2.2 milyon dola nan finansman epi Empire State Development te bay yon prè 1.9 milyon ki soti nan Fon Better Buffalo. Vil Buffalo te bay fon HOME yo.

Pwojè a devlope konjwentman pa People, Inc ak Sinatra & Company Real Estate, LLC. Angajman Eta a pran pou bay tout moun New York yo aksè a lojman ki sekirize epi a pri abòdab sa refilete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen. Plan an ap rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi ak prezève plis pase 100,000 inite lojman ki nan yon pri abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye. Depi 2011, HCR te envesti 226 milyon dola nan Rejyon Lwès New York ki te kreye lojman ki a pri abòdab pou anviwon 9,000 abitan.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare, “Ak Jefferson Avenue Apartments, nou ap kontinye ak investisman ki sible yo

pou ka ranfòse kalite lavi epi bay bourad a ekonomi lokal la nan Vil Buffalo. Jefferson Avenue Apartments ap ranplase espas ki vid yo pa 89 apatman sipò epi ki a pri abòdab yo ak espas lavant an detay nan etaj chose a pou ka kreye yon katye dinamik kote moun ka mache sou tout koridò komèsyal prensipal sa a. Nou enpasyan akeyi abitan yo nan nouvo kay yo”.

Kerry A. Delaney, ki se Komisè Pa Enterim nan Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman yo nan Eta New York, te deklare, “Devlopman tankou Jefferson Avenue Apartments yo pèmèt moun ki gen andikap devlopman yo jwenn opòtinite pou ka posede yon kay nan kominote a kote yo ka pwofite de katye yo pandan ke yo ap resevwa sèvis ke yo bezwen oswa ke yo vle. Nou kontan dèske lòt ajans leta konpayon ak patnè kominote nou yo vin rejwenn nou nan ofri 16 kay sa yo ki seleksyone pou moun ki gen andikap devlopman yo pou ogmante opòtinite lojman ki entegre yo pou moun ke nou sipòte yo”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare, “Bourad sible ke nou te jwenn nan men Fon Better Buffalo pou ankouraje pwojè vital tankou Jefferson Avenue Apartments yo ap revitalize katye vil lan yo epi ranfòse kominote li yo, sa ki ap mennen a yon avni ekonomik briyan pou Buffalo”.

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, “Pwojè sa a, ki te posib gras a sipò lajan HOME federal ak kredi fiskal yo, sou lidèchip People Inc., reponn a yon nesesitye krisyal ki genyen pou lojman ki a pri abòdab yo, epi li kontinye ak envestisman yo nan katye nou yo ki ap kontribiye nan renesans Buffalo”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Jefferson Avenue Apartments pral vin yon lòt istwa reyisit ankò nan rajenisman Buffalo ki ap kontinye a. Byento, plizyè douzèn fanmi pral rele nouvo espas sa a lakay yo, epi yo pral benefisye de lidèchip Eta New York nan lojman ki a pri abòdab yo. Mwen vle felisite People Inc., Sinatra & Company, ansanm ak CSS Construction poutèt efò yo fè pou ka pèmèt pwojè sa a reyalize”.

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, “Mwen fyè pou mwen wè konstwiksyon ki ap fèt sou tout Jefferson Avenue; mwen ta renmen felisite tout ekip devlopman an ansanm ak HCR pou sa ki se yon pwojè bon jan kalite lojman ki a pri abòdab ki nesesitye anpil nan Bò Lès Buffalo. Pandan ke dinamik ak dansite ki ogmante ap retounen nan kominote nou yo, nou dwe konsève idantite katye Cold Spring nou an pandan ke nou ap akeyi devlopman komèsyal ke nou vle a”.

Majistra Byron W. Brown te deklare, “Felisitasyon a tout moun ki te enplike nan Devlopman Lojman Sipò epi Ki A Pri Abòdab (Affordable and Supportive Housing Development) sa a ki koute 31 milyon dola ki pral kreye travay ak plis opòtinite lojman ki a pri abòdab pou abitan nou yo. ‘Lansman konstwiksyon yo’ jodi a reprezante yon etap fondamantal konsiderab nan katye Jefferson Avenue an ak yon lòt pwojè gayan-gayan pou tout kominote nou an. Pandan ke nou ap kontinye devlope Buffalo pou li vin yon Vil Opòtinite enkliziv epi ekitab, nou rekonèt ke katye ki djanm yo esansyèl pou fòs ekonomik Buffalo. Jefferson Avenue Apartments lan pral yon gwo bagay ki adapte pou katye istorik sa a, li sipòte vizyon mwen genyen pou Jefferson Avenue epi li

konplemanje lòt investisman ki pral pote abitan ak biznis yo nan Koridò Jefferson Avenue an”.

Prezidan Konsèy Komen Buffalo a Darius Pridgen te deklare, “Mwen kontan anpil pou mwen wè konstwiksyon yo kòmanse pou yon lòt pwojè lojman ki a pri abòdab ankò nan Distrik Ellicott. Pwojè sa a fè pati investisman plizyè milyon dola nan Koridò Biznis Jefferson lan. Pandan ke Buffalo kontinye reviv li enpòtan pou tout zòn yo eksperimente renesans lan. Pwojè sa a kontinye ak ekspansyon pwojè pozitif yo ki pral ranfòse zòn nan epi reponn a yon demann an lojman ki a pri abòdab ki nesese anpil”.

Rhonda Frederick, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, People Inc., te deklare, “Mwen fyè pou mwen ede vanse ak konstwiksyon Jefferson Avenue Apartments, epi tou pou mwen fè pati de koridò istorik lan ak istwa dinamik kominote a. Nou kontan anpil pou nou jwenn sipò anpil lidè ak òganizasyon kominote yo, pandan ke nou ap travay ansanm pou bay yon opòtinite lojman ki a pri abòdab pou moun ki gen laj 18 an yo oswa pi plis yo. Nou rekonesan anpil poutèt divès fondatè ak otorite ki eli yo ki ap pèmèt pwojè sa a vin yon reyalyte”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)